



## PWOSÈ VÈBAL REYINYON ESPESYAL ADISTANS KOMITE BOSTON SCHOOL

5 Me 2022

Komite Lekòl Boston nan te òganize yon reyinyon 5 Me 2022 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou sa ki ekri anba yo, vizite [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](http://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee), imèl [feedback@bostonpublicschools.org](mailto:feedback@bostonpublicschools.org) oswa rele Biwo komite lekòl Boston nan (617) 635-9014.

### PREZANS

Manm Komite a ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Rafaela Polanco Garcia ak Quoc Tran.

Manb Komite Lekòl ki Absan yo: Lorena Lopera; Reprezantan Elèv Xyra Mercer.

### DOKIMAN YO TE PREZANTE

#### AJENDA

Rapò Reyinyon: 27 avril 2022

Deklarasyon Enpak sou Ekite Mission Hill School

Rapò Egzamen Kalite Mission Hill Emergency School

Rapò Mission Hill Coffey Redije

Hinckley Allen Rapò Redije Faz I BPS 4 28 22

### OUVÈTI SEYANS LAN

Prezidan Jeri Robinson te kòmanse reyinyon an e te fè moun yo fè sèman angajman. Madam Sullivan te fè apèl. Madam Lopera ak Madam Mercer te absan. Mesye Cardet-Hernandez te rive apwoksativman 5:55 p.m. Tout lòt manm yo te prezan.

## Reyinyon Adistans Komite Lekòl Boston nan Zoom

5 Me 2022

Madam Robinson te anonse ke Madam Lopera pa t ap patisipe nan pwochè nan reyinyon Komite Lekòl yo pandan li ap okipe sante li. Li te swete pou Madam Lopera byen epi te di li ap tann avèk enpasyans pou li retounen.

Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a ap difize andirèk sou Zoom. Epi li pral redifize sou televizyon Boston City TV. Nou pral poste sou [bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) ak sou Youtube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtan an disponib nan lang Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Kap Vèdyen, Vyetnamiyen, Kantonèz, Mandaren ak Lang siy Ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante yo epi yo te bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou yon moun jwenn entèpretasyon pandan reyinyon an ap fèt la nan chanje chanèl zoom lan. Dokiman reyinyon tradui yo te pibliye nan [www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee](https://www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee) avan kòmansman reyinyon an.

## APWOBASYON PWOSE VÈBAL RANKONT LAN

*Apwouve* – Pa apèl nominal, Komite a ansanm te apwouve pwosè vèbal reyinyon Kominite Lekòl 27 Avril 2022 yo.

## BYENVINI AK ENTWODIKSYON

Madam Robinson te di tout moun byenvini nan reyinyon Komite Lekòl Boston nan. Li te rele ke semèn dènyè a, distri a te prezante yon rezime yon rapò Sirentandan te kòmande epi kabinè avoka Boston Hinckley Allen nan te antreprann ki dekri resi sistematik ak omniprezan movèz kondwit seksyèl ak fizik ant elèv yo ki te kòmanse depi 2014. Rapò a konkli ke ensidan grav sa yo pa t rive trete yon jan apwopriye pa pèsònèl lekòl la epi konfime plizyè echèk sistematik bò kote anplwaye lekòl yo pou rapòte yo.

Swivan yon egzamen egzostiv rapò Hinckley Allen nan, yon Egzamen Kalite Lekòl la ke School Works ap mennen ak aprè yon egzamen atantif tout opsyon posib yo, Sirentandan te fè rekòmandasyon ak Komite Lekòl Boston nan pou Lekòl Mission Hill K-8 fèmen yon jan pèmanan nan fen ane akademik sa.

Komite a te pase semèn dènyè a ap li rapò yo, asiste reyinyon yo avèk komite Mission Hill School la, epi revize kòmantè ekri yo. Madam Robinson te remèsye tout moun ki te pran tan pou pataje pèspektiv yo sou pwoblèm trè difisil sa. Li te remèsye Sirentandan ak ekip li a dèske yo te òganize twa reyinyon avèk komite Mission Hill la pandan semèn dènyè a. Li te felisite distri a dèske yo te fè yon apwòch pèsonalize sou pwosesis afektasyon elèv yo ki touche pa desizyon sa.

## KÒMANTÈ PIBLIK LA AN JENERAL

Moun ki vin an apre yo te temwanyè konsènan rekòmandasyon Sirentandan pou fèmen Mission Hill K-8 Pilot School nan fen Ane Lekòl 2021-2022 an:

- Lisa Graf, rezidan nan Fenway ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School

5 Me 2022

- Ruby Reyes, rezidan nan Dorchester ak Direktris Egzekitif Boston Education Justice Alliance
- Will Austin, rezidan nan Roslindale ak Direktè Jeneral Boston Schools Fund
- Susan Vitolo, rezidan nan Roxbury ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Tim Klein, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Asha LeRay, rezidan nan Roslindale ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Toyoko Orimoto, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Allison Cox, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Maura Smyth, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Justin Rice, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Valerie Carlson, rezidan nan Hull ak pwofesè nan Lekòl Mission Hill K-8 Pilot
- Peggy Wiesenbergh, rezidan nan Jamaica Plain ak manm Konsèy Administrasyon nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Carolyn Shadid Lewis, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Seth Caughron, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Edith Bazil, rezidan ak avoka nan Hyde Park
- Shulamith Burke, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Priyadarshini Kumar, rezidan nan Somerville ak pwofesè nan Lekòl Mission Hill K-8 Pilot
- Meg Rotzel, rezidan nan Roslindale ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Ben Weber, rezidan nan Jamaica Plain ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Andy Crowe, rezidan nan West Roxbury ak paran nan Mission Hill K-8 Pilot School
- Mike Heichman, rezidan nan Dorchester ak ansyen paran nan Mission Hill K-8 Pilot School

Deirdre Manning, rezidan Dorchester ak paran nan Henderson K-12 School, te temwanye konsènan preyokipasyon sekirite lekòl yo.

Sharon Hinton, rezidan ak avoka nan Hyde Park, te temwanye konsènan yon kantite pwoblèm edikatif.

## ELEMAN AKSYON

Sirentandan Cassellius te prezante rekòmmandasyon final li pou fèmèn Lekòl Mission Hill K-8 Pilot ki ap an vigè 30 Jen 2022. Li te inisyaman fè rekòmmandasyon nan reyinyon Komite Lekòl 27 Avril 2022 a.

Sirentandan te rekapitile konklizyon rapò Hinckley Allen yo, ke nou tout te egzaminen swanyezman, ke li enposib pou inyore:

- Twòp timoun te blese epi twò piti adilt, ke se te travay pa yo, te kanpe pou pwoteje yo. Sila yo ki te gen kouraj ase pou fè sa te fè fas ak yon anviwònman ostil, te sibi divès reprezay ak/oubyen yo te majinalize yo poutèt yo te eksprime.
- Divès ensidan movèz kondwit/agensyon seksyèl prezime ak entimidasyon/asèlman

5 Me 2022

pèsistan an seri te rive fèt ofilditan epi rapò a endike klèman ke yon sèten kantite manm pèsionèl lekòl yo pa t rive swiv pwotokòl ki etabli yo pou sinyale kòrèkteman ensidan sa yo epi swiv pwotokòl distri yo pou fè prevansyon kont divès domaj alavni.

- Lekòl la te inyore konstaman politik distri yo, men fas ak direktiv kontrè yo. Aksyon sa yo te agrave enpak ki deja enpòtan agresyon prezime yo sou elèv yo ak fanmi yo.
- Yon fwa yo jwenn enfòmasyon sou alegasyon entimidasyon jeneralize yo ak non konfòmite ak sèvis edikasyon espesyal yo, Sirentandan te egzèse otorite li pou remède ak prevni entimidasyon ak agresyon seksyèl yo ak amelyore respè reglemantasyon yo nan kesyon edikasyon espesyal ak anglè pa divès aksyon pèsionèl nan lanse de (2) ankèt ak nan deplwaye divès soutyen adisyonèl nan biwo santral yo.
- Menm avèk entèkansyon sa yo:
  - Lekòl Mission Hill K-8 Pilot toujou kenbe youn nan to non konfòmite ki pi wo avèk sèvis edikasyon espesyal yo nan BPS;
  - Anketè yo te dekouvri ke elèv yo toujou nan yon ogmantasyon risk entimidasyon akòz de kilti omniprezans lekòl la ki te rive konstwi ak otorize pou dire plis pase yon deseni.
  - Kilti lekòl la te otorize divès konpòtman flagran pou pèsèvere epi li fraktire odela tout reparasyon; ak anfen,
  - Anketè yo te konstate ke, malgre nouvo direksyon lekòl la ak siveyans ak entèkansyon enpòtan biwo distri a, “efè nwizib kilti yo rete nan Lekòl la.”

Sirentandan te rele pou yon aksyon rapid ak siyifikatif pou asire imedyatman sekirite ak byennèt elèv yo epi kòmanse pwosesis gerizon pou viktim yo.

Li te repete ke li menm ak ekip li a te eksplòre yon gam opsyon tankou:

- Retire kèk oubyen tout otonomi lekòl la, pèsionèl anplis la, nome yon chèf etablisman eksperimante (ak ekip la) ki fè prèv li epi deplwaye soutyen ak siveyans biwo santral.
- Deplwaye yon ekip entèkansyon pou fè divès rekòmandasyon ak sirentandan sou mach a swiv la
- Dezinye Lekòl Mission Hill K-8 Pilot antan ke yon Lekòl Sirentandan kote Sirentandan Lekòl yo gen otorite pou pèsionèl anplis la an konsiltasyon avèk BTU epi konsève tout otorite nan pwòchèn etap yo.
- Fèmen Lekòl Mission Hill K-8 Pilot nan fen pwòchèn ane lekòl la, 2022-2023

Après yon refleksyon ak diskisyon byen mi, Sirentandan te konkli ke okenn nan opsyon sa yo pa t ap abòde sifzaman pwoblèm pèsistan yo ki ap kontinye aflije lekòl la. Anplis, opsyon sa yo pa t ap retire imedyatman risk domaj alavni ak elèv nou yo oubyen garanti pou chak elèv resevwa ansèyman akademik, ansèyman espesyal nan sèvis lang anglè yo gen dwa yo. Pa reyisi remède imedyatman pwoblèm konstate sa yo nan rapò a t ap lakoz egalman risk adisyonèl pou distri a ak Vil la.

**5 Me 2022**

Sirentandan te dakò ke ensidan mansyone yo ki detaye nan rapò a pa kapab reflekte eksperyans pèsonèl chak elèv oubyen fanmi nan Mission Hill, ni yon miz an akizasyon konplè tout manm pèsonèl Mission Hill la.

Pwochèn faz investigasyon Hinckley-Allen nan ap egzamine wol responsab lekòl yo ak distri yo pou dekouvri responsabilite endividyèl la ak nan nivo sistèm nan.

Biwo Avansman Fanmi, Elèv yo ak Kominote a te òganize plizyè reyinyon kominote yo pou abòde pwoblèm swivan yo:

- Si Komite Lekòl la vote pou apwouve fèmte lekòl Mission Hill la, BPS pral òganize yon pati enskripsyon espesyal pou elèv ki asinye aktyèlman yo nan Mission Hill pou pwochèn ane lekòl la. Pati enskripsyon espesyal sa pral dewoule imedyatman aprè Pati 2 an fin konkli.
- Yo pral voye pa imel fòmilè Chwa Lekòl yo bay fanmi yo epi livre nan lekòl la pou difizyon bay fanmi yo nan Lendi 9 Me. Fanmi yo pral genyen soti 9 Me rive 20 Me pou sezi divès fòmilè chwa lekòl ki mizajou. Fanmi ki ap patisipe nan pati enskripsyon espesyal la pral resevwa devwa lekòl SY22-23 mizajou yo avan 10 Jen.
- Fanmi yo pral kapab konplete pwosesis enskripsyon an vya divès seyans konsèy endividyèl sou chwa lekòl la, adistans oubyen an pèsòn, nan youn nan kat (4) Sant d Akèy yo, konsa tou yon sit enskripsyon satelit ki sitiye nan Mission Hill School.
- Ekip Afektasyon BPS la pral siveye depre enskripsyon elèv yo pandan peryòd enskripsyon 6 Me rive 20 Me a epi konekte avèk fanmi yo ki pa t soumèt chwa lekòl yo pou ede yo konplete pwosesis la.
- Ekip Planifikasyon ak Analiz la te kondui yon analiz pou asire pral genyen sifizamman plas disponib ak opsyon pou fanmi yo. Menm ankò, BPS pral mete divès plas anplis disponib pou elèv Mission Hill yo nan lekòl wot kalite yo pou garanti ak fanmi yo divès opsyon solid. Sa pral gen ladan l pou ajoute divès plas nan salklas yo ak nan kèk ka kote espas fizik la pèmèt sa, epi demann lan endike yon enterè sifizan, ki ta kapab gen ladan l pou ajoute divès salklas adisyonèl.
- Biwo Avansman Fanmi, Elèv ak Kominote a pral travay an tèt a tèt avèk fanmi yo pou ede yo jwenn yon bon plasman pou timoun pa yo. Nou konnen sa difisil epi nou angaje pou asosye avèk fanmi yo nan pwosesis la.

Mesye Cardet-Hernandez te eksprime sipò pou rekòmandasyon Sirentandan, ki dekri echèk lekòl la pou pwoteje elèv yo kòm flagran epi te remete an kesyon pou itilize wol li nan Komite a pou fè presyon pou jwenn divès respons ak aksyon kontini epi t siveyans distri a. Li te plede e prezante kondòleyans li ak tout elèv ak fanmi ki te touche yo.

Madam Polanco Garcia te kondane avèk fèmte sitiyoasyon an epi te ankouraje distri a pou founi sipò sosyo emosyonèl pou elèv yo.

Doktè Alkins te pale sou difikilte rekòmandasyon yo lè yo konsidere angajman anvè ekite lekòl la te fonde sou li a. Li te prevwa ke yo poko konnen totalite eksperyans negatif la, remake 56% elèv LGBTQ yo pa rapòte ensidan abi yo ak diskriminasyon yo. Li te eksprime sipò pou rekòmandasyon Sirentandan epi te rele pou sipò adisyonèl pou fanmi ki touche yo.

5 Me 2022

Madam Tran te ekspriye sipò pou rekòmmandasyon Sirentandan epi te pale sou enpòtans pou aji nan pi bon enterè timoun yo.

Mesye O'Neill te rekonèt difikilte tranzisyon yo epi te remèsye Sirentandan pou anvizaje tout opsyon yo. Li te ekspriye sipò pou rekòmmandasyon fèmte Sirentandan. Mesye O'Neill te mande plis detay sou sipò yo te ofri ak fanmi Mission Hill. Sirentandan Adjwen Etid yo, Drew Echelson te pale sou kowòdinasyon sèvis konsiltasyon avèk ekip sante konpòtmantal, sipò tranzitwa, ak yon pwosesis afektasyon espesyal pou plase fanmi yo. Chèf Enterim Avansman Fanmi ak Kominote a, Denise Snyder te esplike ke òganize yon pwosesis afektasyon espesyal t ap ofri fanmi Mission Hill K-8 School yo yon pi bon opòtinite pou reponn ak bezwen pa yo pase si distri a te elaji peryòd enskripsyon Round Two a.

Mesye Cardet-Hernandez te mande klarifikasyon konsènan pwochèn etap yo. Sirentandan te esplike ke pwochèn faz ankèt la ki egzamine aksyon pèsonèl lekòl ak distri yo ta dwe fini premye semèn mwa Jen. Li pral pataje konklizyon sa yo avèk Komite Lekòl la epi fè rekòmmandasyon pou chanjman sistemik yo. Li te ajoute ke twa pozisyon yo te rive pibliye pou kreyasyon yon nouvo Biwo Jesyon Risk. Sirentandan te di li pral travay avèk Biwo Konseye Jiridik la pou detèmine ki enfòmasyon li kapab pataje sou pèsonèl la. Li te pran angajman pou prezante divès rekòmmandasyon pou divès remèd sistemik.

Madam Robinson te remèsye fanmi ki te manifeste kouraj yo. Li te pale sou difikilte ak doule pou lekòl yo fèmten epi te rele distri a pou ofri soutyen nan sante mantal pou fanmi yo.

## ELEMAN AKSYON

**Apwouve** - Nan yon apèl nominal, Komite a te apwouvere rekòmmandasyon Sirentandan pou fèmten Mission Hill K-8 Pilot School k ap an vigè 30 Jen 2022. Madam Polanco Garcia te fè abstansyon. Tout lòt manm yo te vote wi.

## NOUVO BIZNIS

Doktè Alkins te mande pou Komite a resevwa yon mizajou alavni sou pwoblèm sekirite nan lekòl yo ke yo te souleve pandan kòmantè piblik la. Sirentandan te dakò pou fè swivi.

## REPÒTE

**Apwouve** - A 7:13 p.m. apwoksimativman, Komite a te vote ansanm, pa apèl nominal, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan  
Sekretè Egzekitif